# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–02 फरवरी 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु विश्व वेटलैंड्स डे के मौका पर गोंण्डा के पार्वती अरगा पक्षी विहार में **हम्मन के भविष्य बदे आद्र भूमियन क संरक्षण** कार्यक्रम क सुरूआत कइलें। श्री योगी कई गो पुस्तकन क विमोचन, प्रर्दशनी क अवलोकन आ कइ प्रतियोगिता के विजेता लोगिन के इनाम बटलें। कार्यक्रम में मुख्यमंत्री कहलें कि जलीय पारिस्थितिकी ही नही, बल्कि जीव–जन्तु की पारिस्थितिकी भी वेटलैंड्स पे निर्भर हवे। ई प्रकृति के मूल स्वरूप की ओरि ध्यान खिचलें क जरियो है।

**जितने भी प्राकृतिक झील होती है यानी वेटलैंड्स होती है यह हमारे पारिस्थितिकी तंत्र का एक महत्वपूर्ण केंद्र होता है यह भूजल संरक्षण के लिए सिंचाई और पेयजल की उपलब्धता बढ़ और सूखे पर नियंत्रण कार्बन भंडारण और जलीय पारिस्थितिकी तंत्र पर निर्भर वनस्पतियों और अन्य प्राणियों और स्थानीय पक्षियों के संरक्षण के साथ ही साथ भोजन औषधि और आजीविका के वह आए के संसाधन उपलब्ध करवाने में यह वेटलैंड की एक बड़ी भूमिका है**

**********

भाजपा क सीनियर नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु मिल्कीपुर विधानसभा उपचुनाव में भाजपा ओम्मेदवार के समरथन में जनसभा के सम्बोधित कइलें। श्री योगी कहलें कि समाजवादी पारटी के सैफई के अलावा कुछु नाहीं देखाई देला। जब सत्ता में आवे लें त अपने परिवार बदे कार करे ला।

**बहनों और भाइयों यह विकास विरोधी भी हैं लोक कल्याण विरोधी भी हैं उनकी दृष्टि सैफई से बाहर नहीं जाती है ये सैफई के बाहर नहीं सोच सकते हैं जब सत्ता में आते हैं तो अपने परिवार का भरण पोषण करके सारे पद एक परिवार को दे दिए जाते हैं और इसलिए मिल्कीपुर का चुनाव अभी आज राष्ट्रवाद बनाम परिवारवाद का चुनाव भी बन गया है।**

ओहर, समाजवादी पारटी के सथहीं अउरियो निर्दल ओम्मेदवार जनसम्पर्क अउर नुक्कड़ सभा के जरिया से परचार कइलें। मिल्कीपुर विधानसभा उप चुनाव बदे परचार बिहने संझा थमि जाई।

**********

प्रयागराज महाकुंभ के पावन त्रिवेणी में सरधालु लोगिन नहइले क सिलसिला जारी है। आजु दुपहरिया दुइ बजे ले करीब सत्तानबे लाख से बेसी सरधालु नहइलें। बिहने बसंत पंचिमी स्नान पर्व के सकुसल पूरा करावे बदे सुरक्षा क पुरहर इंतिजाम कइल गइल है। प्रयागराज के पुलिस आयुक्त अउर मण्डलायुकत आजु मेला प्राधिकरण के आईसीसीसी केन्द्र पहुंचलें अउर व्यवस्था क जायजा लिहलें। मण्डलायुक्त कहलें कि जहवां ढेर भीड़ि एकट्ठा होखे ओह एरिया के पुलिस बल के जुरते फोन कइ के बतावल जाय अउर सरधालुअन के लगतारे आगे बढ़ले क निरदेस दिहल जाय, सरधालुअन के कउनों असुविधा न होखे।

**********

महाकुंभ में बसंत पंचिमी क अमृत नहान के ले के पूरा प्रयागराज मण्डल के डॉक्टरन के हाई अलर्ट पर रक्खल गइल है। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ निरदेस दिहले हवें कि एहवां आवे वाले सरधालुअन क सुरक्षा अउर सुविधा बदे महाकुंभ नगर के सथहीं सहर आ मण्डल क सज्जो डॉक्टर सजग रहिहें। बारह सौ से बेसी मेडिकल फोर्स महाकुंभ नगर में पुरहर तइयार है। अपात हालति बदे अउरियो मेडिकल टीमिनि के बैकअप के रूप में रक्खल गइल है। सज्जो डॉक्टरन के मेले क्षेत्र में तैनात रक्खल जाई।

**********

बसंत पंचमी के तीसरका अमृत स्नान के मौका पर रेलवे प्रयागराज के स्टेसनन से चारि सौ बिसेस रेलगाड़ी चलाई। एह से लाखों सरधालुअन क सुविधा होई। आकाशवाणी समाचार से बतियावत उत्तर मध्य रेलवे के मुख्य जनसंपर्क अधिकारी शशिकान्त त्रिपाठी बतउलें कि सरधालुअन के चिकित्सा सेवा देवे बदे प्रयागराज जंक्शन अउर आठ अउरियों स्टेसनन पे चिकित्सक अउरी पैरा मेडिकल स्टाफ से लैस चौंतीस मेडिकल बूथ बनावल गइल है। जउन की पलेटफारम अउरी यात्री आश्रय सेड पर मौजूद है।

**********

पीलीभीत जंक्सन पर आजु गोरखपुर एक्सप्रेस के जिला क सांसद अउर केन्द्रीय राज्य मंत्री जितिन प्रसाद हरियर झंडी देखा के रवाना कइलें। येह दौरान रेलवे क अधिकरियो मौजूद रहलें। श्री प्रसाद कहलें कि ई रेलगाड़ी पीलीभीत ले चलले से जिला अउर एकरे लग्गे के लोगिन के फायदा होई अउर ब्यौपारो बढ़ी। एहसे राजधानी लखनऊ अउर गोरखपुर ले पहुंच असान हो जाई।

**********